# QARAQALPAQSTAN SHARAYATINDA INKLYUZIV BILIMLENDIRIWDI ENGIZIW MÁSELELERI

**G.J.Utepbergenova**
*Nókis qalası №26mshbsh defektologı*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.15079294

***Annotatsiya.*** *Bul maqalada inklyuziv bilimlendiriw hám onıń respublikamızda engiziliwi máseleleri haqqında sóz etiledi.*
***Kalit so`zlar.*** *inklyuziv, inklyuziv talim, shaxs, psixolog, defektolog, korrekciyalıq.*

Ótken jıllar dawamında mámleketimiz tárepinen mayıplardı reabilitaciyalawğa mólsherlengen mámleketlik bağdarlama hám usı bağdarlama tiykarında islep shığılğan bir qatar ilajlar, milliy maqtanıshımız, nızamımız bolğan Konstituciyamızda, mámleket hám jámiyet jetim, mayıp, imkaniyatı sheklengen balalardı arnawlı tárbiyalaw hám oqıtıwdı támiyinlew, olardıń densawlığı, tálim-tárbiyası máselelerine ayrıqsha áhmiyet beriliwi atap ótilgen.

Qaraqalpaqstan sharayatında inklyuziv bilimlendiriwdi engiziw máseleleri boyınsha aytatuğın bolsaq, “mayıp, imkaniyatı sheklengen, rawajlanıwınan artta qalğan "degende biz qanday balalar kategoriyasın túsinemiz?

"Ózbekstan Respublikasında mayıplardı sociallıq qorğaw haqqında"ğı Nızamğa muwapıq fizikalıq hám aqılıy kemshilikleri bolğan hám sol kemshilikler sebepli turmıslıq jumısınıń sheklengeni sebepli sociallıq qorğawğa hám járdemge mútáj bolğan shaxs mayıp yamasa imkaniyatı sheklengen dep esaplanadı. Hár qanday shaxstıń turmıslıq iskerligi sheklengenligi onıń ózine-ózi xızmet etiwi, júriwi, ómirde óz jolın tabıwı, esitiwi, sóylesiwi, sonday-aq, miynet penen shuğıllanıw qábiletin tolıq yamasa ayırım bólegi joğaltqanlığı menen belgilenedi. Bunday kategoriyadağı balalarğa ğamxorlıq etiw, olardıń turmısta óz ornın tabıwına, turmısqa beyimlesiwine járdemlesiw hár bir insannıń minneti bolıwı kerek.

Bunıń ushın bizde imkaniyatı sheklengen balalardı salamat balalar menen oqıtıw bağdarlaması yağnıy inklyuziv bilimlendiriw bağdarlaması engizilgen.

Inklyuziv bilimlendiriw degenimiz ne? "Inklyuziv" sózi inglis tilinen alınğan bolıp "inclusive" sózinen kelip shığıp, "birlestiriwshi" degen mánisti anlatadı. Jası, jınısı, etnikalıq kelip shığıwı, fizikalıq yamasa intellektuallıq qábiletleri, sociallıq statusı hám basqalardan biyğárez, barlıq adamlardıń qatnasın óz ishine alıwğa qaratılğan túsinik yamasa kózqarastı bildiriw ushın qollanıladı. Inklyuziv bilimlendiriwde - imkaniyatı sheklengen balanı emes, al sistemanı ózgertiw zárúr. Bul bilimlendiriw bunday balalardıń imkaniyatların, individual psixologiyalıq

ózlestiriw ózgesheliklerin esapqa alǵan halda salamat balalar menen birge oqıtıwdı esapqa aladı. Sol sebepli inklyuziv bilimlendiriwdiń maqseti - imkaniyatı sheklengen balalardı salamat balalar qatarında, olar menen birge qosıp oqıtıwdan ibarat.

Inklyuziv bilimlendiriw engizilgen mámleketlerdiń tájiriybesinen belgili, bul sistemada eki tárep-bólek járdemge mútáj, yaǵnıy imkaniyatı sheklengen balalar da, salamat balalar da óz-ara mápdar boladı. Imkaniyatı sheklengen balalar ulıwma bilim beriw mekteplerinde oqıp atırǵanda, ózlerin kemsitilip atırǵan sezimde emes, olar ózlerin usı jámááttiń tolıq aǵzası ekenligin ańlaydı. Aqıbetinde ózlerin qádirlewleri, jasawǵa bolǵan isenimi hám úmitleri artadı. Salamat balalar bolsa jámiyet túrli túsiniklerden, túrli dúnyaqarastaǵı teńleslerinen ibarat ekenligine kónligedi, járdemge mútáj doslarına járdem berip atırǵanınan qanaatlanıwshılıq sezimin sezedi.

Integraciyalanǵan inklyuziv bilimlendiriw tartıslı túsinik bolıp esaplanadı. Bul bilimlendiriwdiń unamlı hám unamsız tárepleri bar. Unamlı tárepi sonda, imkaniyatı sheklengen balalar integraciyalasqan bilimlendiriw boyınsha "jeke tártipte" oqıtıw jaǵdayınan azat boladı. Unamsız táreplerine qarasaq, ulıwma bilim beriw mekteplerinde arnawlı integraciyalasqan bilimlendiriwge bola qolaylıqlardıń jeterli emesligin, sheklengenin kóremiz. Solay eken, kóz aldımızda bir qansha sorawlar tuwılıwı tábiyǵıy. Ulıwma bilim beriw mektepleri imkaniyatı sheklengen balalardı oqıtıwǵa tayar ma? Imkaniyatı sheklengen balalarǵa arnawlı psixologiyalıq-pedagogikalıq járdem kórsetiwge "muǵallim" tayar ma?

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2019-jıl 29-apreldegi "Ózbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw sistemasın 2030-jılǵa shekem rawajlandırıw koncepciyasın tastıyıqlaw haqqında"ǵı PP-5712-sanlı Pármanına muwapıq Ózbekstanda inklyuziv bilimlendiriwdi rawajlandırıw, ayrıqsha bilimlendiriw mútájlikleri bolǵan balalarǵa tálim-tárbiya beriw sistemasın jetilistiriw hám olarǵa kórsetiletuǵın bilimlendiriw xızmetleriniń sapasın jaqsılaw maqsetinde keyingi 10-15 jıl dawamında imkaniyatı sheklengen balalardı sociallıq qollaw, bilimlendiriw sistemasın hám mazmunın qayta kórip shıǵıw, onı házirgi zaman talapları dárejesinde jáne de jetilistiriw máseleleri búgingi kúnge shekem áhmiyetli mashqala bolıp qalmaqta. Bunday balalardı bir jasınan baslap bilimlendiriwge tayarlaw, medicinalıq-psixologiyalıq-pedagogikalıq járdemlerdi ulıwma shólkemlestirilgen halda alıp barıw máselelerine itibar qaratılmaqta. Imkaniyatı sheklengen balalardıń óz imkaniyatı hám qábiletleri dárejesinde ulıwma hám arnawlı korrekciyalıq bilim alıwı salamat zamanlasları arasında integraciyalanıwı, inklyuziv bilimlendiriw koncepciyasın ámeliyatqa jáne de keńirek engiziw máseleleri xalıqaralıq kólemde, sonday-aq,

Ózbekstanda da keńnen úgit-násiyatlanıp kelinbekte. Ózbekstan respublikamızda da bul baǵdarda dáslepki qádemler bar.

Xalıqaralıq kólemdegi dáslepki qádemler 1990-jili Djompsende (Tailand) júdá áhmiyetli uliwma jer júzilik konferenciya bolıp ótti. Bul Konferenciyada "Bilimlendiriw hámme ushin" uliwma jáhán deklaraciyası qabıl etildi. Bul Deklaraciya hár bir balanıń tolıq tálim-tárbiya alıwın kepilleydi. "Bilimlendiriw hámme ushın" Pútkil jáhán Deklaraciyasın dúnyanıń 155 ten aslam Mámleket húkimetleri hám 150 den aslam mámleketlik emes shólkemler tán aldı. Bilimlendiriw hámme ushın maqsetlerin jáne de tolıq ámelge asırıwdı kepillew maqsetinde 1994-jil 7-10-iyun kúnleri Salamanka (Ispaniya) da ekinshi ulıwma jáhán konferenciyası bolıp ótti. Onda "Salamanka bildiriwi hám jumıs iskerligi rejesi" islep shıǵıldı. Salamanka bayanatı hám jumıs rejesiniń tiykarǵı jetekshi principi sonnan ibarat, mektepler barlıq balalardı olardıń fizikalıq, aqılıy, sociallıq, sezimli, til hám basqa da ózgesheliklerine qaramastan bilimlendiriwge qabıl etiwi kerek.

Biraq bul Jańa bilimlendiriw sistemasınıń mazmun-mánisin jáne de anıqlaw, jetik huqıqıy-normativlik tiykarların jaratıw hám bul bilimlendiriw sistemasın pútkil dúnya mámleketleri engiziw kerek edi. Sonıń ushın da 2000-jıldıń 26-28-aprel kúnleri bilimlendiriw haqqındaǵı xalıqaralıq forum qatnasıwshıları tárepinen "Dakar háreket baǵdarlaması" qabıl etildi. Bul háreket baǵdarlaması bunnan 10 jıl burın qabıl etilgen bilimlendiriw hámme ushın 1990-jıldaǵı ("Jompen") pútkil jáhán deklaraciyasın tán aldı. Dakar háreket baǵdarlamasına qosılǵan barlıq mámleketler 2002-jılǵa shekem bilimlendiriw hámme ushın milliy rejesin dúzip, 2015-jılǵa shekem bul bilimlendiriw sistemasın tolıq engiziwi kerek dep tabıldı. Bul háreket rejesi quramına kiretuǵın barlıq mámleketler "hár bir jámiyetke hám hár bir insanǵa" súreni astında barlıq insanlar hám balalardıń bilimlendiriwin tolıq támiyinlew minnetlemelerin aladı. Dakar háreket baǵdarlamasında "Bilimlendiriw qáwipsiz, sapalı balanıń densawlıǵın qorǵaw hám bekkemleytuǵın hámme ushın teńdey, inklyuziv tárizde hám barlıq zárúr resurslar menen támiyinlengen bolıwı kerek." Muǵallimlerdiń dárejesi hám oqıw rejeleri "Bilimlendiriw hámme ushın" maqsetine juwap beriwi kerek ekenligi belgilengen. "Bilimlendiriw hámme ushın" baǵdarlamasınıń talaplarınıń tiykarǵı mánisi de birde-bir bala, sonıń ishinde, ruwxıy hám fizikalıq rawajlanıwında kemshiligi bolǵan balalar da bilimlendiriwden shette qalmawında.

Bul maqalanı jazıw dawamında úyrenilgen maǵlıwmatlardı tallaw menen birge Qaraqalpaqstan Respublikasında usı bilimlendiriw baǵdarlamasın ámelge asırıwda bir qansha mashqalalar bar ekenligin anıqladıq.

**Olar tómendegilerden ibarat:**

-Mektep jámáátindegi pedagogikalıq jámáát, yağnıy Qaraqalpaqstan sharayatındağı barlıq ǵalabalıq mekteplerde inklyuziv bilimlendiriwdiń tolıq ámelge asırılmay atırǵanı:

- Inklyuziv bilimlendiriw baǵdarlaması hám onıń mazmunı menen pedagog kadrlardıń tanıs emesligi;
- Oqıtıwshılardıń (pán) psixologiyalıq jaqtan tayar emesligi (olarda qorqıw sezimleri bar);
- Mektep sharayatı hám jámáátiniń bul bilimlendiriwge psixologiyalıq tayar emesligi;
- Sonday-aq, klasstaǵı salamat balalardıń psixologiyalıq jaqtan tayarlıqtıń tómenligi (klassqa kelgen imkaniyatı sheklengen balalardıń ústinen kúlmewi, mensinbewi sıyaqlı pazıyletlerde tárbiyalanbaǵanlıǵı);

-bul kadrlardıń ornın basatuǵın mektep muǵallimlerinde ámeliy kónlikpelerdiń joqlıǵı;

- Mektep aymaǵında jasap atırǵan ayırım kemshiligi bar balalardıń bilimlendiriwge ulıwma tartılmaǵanlıǵı (ata-analardıń perzentleriniń kemshiligin jasırıwı);
- pedagogikalıq-psixologiyalıq diagnoz nátiyjelerindegi ayırım qáte kemshilikler,
- Inklyuziv bilimlendiriw boyınsha mekteplerde metodikalıq járdemniń joqlıǵı hám t.b.

Qaraqalpaqstan sharayatında kórsetilgen mashqalalardı saplastırıw ushın, biziń pikirimizshe tómendegi jumıslardı ámelge asırıw zárúr.

- Ǵalaba hám arnawlı bilimlendiriw mákemeleri arasındaǵı tosqınlıqlardı saplastırıw, integraciyalıq bilimlendiriwdi engiziw;
- Jańadan qurılǵan shańaraqlarǵa mayıplıq mashqalaları haqqında túsinikler beriw, hár bir máhállede jasaytuǵın imkaniyatı sheklengen balalardı anıqlaw;
- Mayıplıǵı bolǵan, imkaniyatı sheklengen balalardı anıqlaw jumısların jáne de jaqsılaw;
- Imkaniyatı sheklengen perzentleri bolǵan shańaraqlardıń talapların úyreniw;
- Ata-analar ushın arnawlı metodikalıq ádebiyatlar jaratıw hám basıp shigarıw;
- Rawajlanıwında kemshiligi bolǵan balalardı tárbiyalawda tarawında xalıqaralıq birge islesiwdi shólkemlestiriw;
- Shańaraq penen birge islesiwinde fizikalıq, ruwxıy rawajlanıwında kemshiligi bar balalardı sociallıq miynetke tartıw, ulıwma hám texnikalıq bilim dárejesin arttırıwı, ulıwma, joqarı, orta hám texnikalıq bilim dárejesin arttırıwı, ulıwma, joqarı, orta hám arnawlı bilim alıwına járdem beriw;

- Shańaraqta imkaniyatı sheklengen balalardı ata-analarınıń tilegine bola arnawlı mákemeler menen birgelikte ǵalabalıq mektep yamasa mektepke shekemgi bilimlendiriw mákemelerine integraciyalawǵa járdemlesiw;
- Imkaniyatı sheklengen balalardı jámiyetimizdiń rawajlanıwına óziniń qosqan úlesin óz miyneti arqalı qosıwına imkaniyat jaratıp beriw;
-Inklyuziv bilimlendiriw túsiniginiń onıń mazmun-mánisi hám maqsetin jáne de nátiyjelirek engiziw;

Joqarıda keltirilgen jumıslardı ámelge asırıw arqalı biz elimizdegi barlıq balalar, sonıń ishinde, imkaniyatı sheklengen balalardı jámietimizdiń tolıq aǵzası dep bilip, respublikamız rawajlanıwına óz úlesin qosıp, turmısta óz ornın tabıw imkaniyatın jaratqan bolamız. Haqıyqatında da mámleketimiz aldına qoyǵan ideyanıń ózi de usı maqsetlerde óz kórinisin tapqan.

**Ádebiyatlar**

1. R.Sh.Shomaxmudova "Maxsus va inklyuziv tálim" uslubiy qöllanma. Tashkent 2011-j.
2. Mamedov K.K, Shoumarov G.B. Aqli zaif bolalar psixologiyasi-T.: Öqituvchi, 1994
3. Petrova G, Belyakova I, Psixologiya umstvenno otstalıx shkolnikov-M.: Vlados, 2004